

KONEKSYON

YON BILTEN ENFOMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- 'SUMMER 305'

- PWOGRAM VAKSINASYON
POU OUVÈTI LEKÒL LA

- SEKIRITE NAN DLO

ME 2022

Biltèn 14 | NIMEWO 86 |

M-DCPS LANSE PWOGRAM 'SUMMER 305 2022' POU PÈMÈT ELÈV YO EKSPLORE, FÈ EKSPERYANS & BRIYE



Mwa pwochen, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral lanse yon pwogram enteresan, solid e san parèy nan ete a, nou kreye pou adrese bezwen timoun yo nan tout totalite yo. M-DCPS re-imagine pwogram lekòl pou ete a atravè yon apwòch endividyèl pou kreye yon eksperyans ki pral satisfè bezwen san parèy elèv nou yo e kontinye adrese eka nan akonplisman/opòtinite ki genyen yo.

Pwogram "Ete 305" la ap kòmanse 23 jen pou rive 21 jiyè 2022, e l ap ofri kou enteresan, avanse, nan 113 lekòl. Elèv yo ap kapab eksplòre e eksperimente yon meni ranpli ak opsyon ki ale pi lwen pase opsyon akademik yo, ki ap gen ladan aprantisaj sosyo-emasyonèl, sèvis sante mantal, aktivite fizik, pwogram atistik, opòtinite pou estaj ak plis toujou.

Ane sa a, M-DCPS ap fè patenarya ankò avèk "The Children's Trust," pi gwo patnè finansye/founisè kan ete nan kominote nou an pou ogmante aksè nan

pwogram nan. 'The Children's Trust' ofri plis pase 300 kan atravè kominote an – kèk ladan yo lokalize nan lekòl nou yo. Pwofesè sètifye M-DCPS yo pral deplwaye nan kan ete ki ap patisipe yo pou ofri elèv yo enstriksyon akademik sou lekti/ekriti debaz ak aritmetik, pou adrese pèt nan aprantisaj yo ak devlope ladrès debaz nan lekti ak matematik pou prepare yo pou pwochen nivo klas yo.

Pami chwa pou elèv ki nan klas matènèl rive 5èm ane eskolè, yo ap genyen "Smart Start Elementary Camps" (Kan Elemantè 'Smart Start') tankou "Hands-on STEAM" (Pratik STEAM), "Investigations/Challenges" ('Envestigasyon/Defi) ak "Math & Reading Foundations" (Fondasyon Matematik & Lekti), "Summer Reading Camps" (Kan Lekti pandan Ete a), "Summer Arts Programs" (Pwogram Ar pandan Ete a), "Extended School Year Program" (Pwogram Pwolongasyon Ane Lekòl la), ak yon pwogram koneksyon lekòl-lakay ki rele "Backpack Adventure Program" (Pwogram Eksperyans Valiz Lekòl).

Konsèp leson 'Smart Start Camp' yo pral ofri aprantisaj pratik e melanje nan sijè debaz yo pou ranfòse ladrès fondamantal elèv yo ap bezwen nan pwochen nivo klas yo. An menm tan, y ap adrese aprantisaj sosyo-emasyonèl yo.

Elèv lekòl mwayen yo kapab patisipe nan "Smart Start Teen Camp"

(Kan 'Smart Start' pou Adolesan), "Middle School Course Recovery" (Rekiparasyon Kou nan Lekòl Mwayen), yon pwogram "Career Technical Education (CTE)" (Pwogram Edikasyon Teknik ak Pwofesyonèl pandan Ete a), ak Kan Ete "Speak Up!" (Pale!).

'(Kan 'Smart Start' pou Adolesan)' ap bay elèv lekòl mwayen yo opòtinite pou patisipe nan yon pwogram ete plizyè disiplin ki bay aktivite pratik amizan, enteresan, avèk pwojè pou pratike aprantisaj yo. Elèv yo ap patisipe nan klas kan ki baze sou tèm tankou "Finding Your Voice to Shape the World Around You" (Jwenn Vwa ou pou Fòje Mond ki Antoure w la), "Going Global" (Globalizasyon), "Time to Explore" (Tan pou Eksplòre) ak "STEM Up!" Klas sa yo pral ede elèv yo fè bon analiz ak rezoud pwoblèm pandan y ap prepare pou pwochen klas pou ane lekòl k ap vini an.

Pami pwogram lekòl segondè yo genyen "Summer Youth Internship Program (SYIP)" (Pwogram Estaj pou Jèn pandan Ete a), "High School Credit Recovery" (Ratrapaj Kredi nan Lekòl Segondè), "Driver's Education" (Pwogram Oto-Ekòl), 'Speak Up! Summer Camp', 'CTE Summer Programs', "Dual Enrollment" (Anwolman Doub), "Algebra 1 EOC (End of Course) Prep Home Connections" (Koneksyon Lakay pou Preparasyon Egzamen Fen Kou Aljèb 1) ak "ACT/SAT Prep Home Connections" (Koneksyon Lakay pou Preparasyon Egzamen ACT/SAT).

ATIK LA AP KONTINYE NAN PAJ 2

SYIP a ap bay elèv yo bonjan eksperyans pratik ansanm ak opòtinite pou kreye rezo atravè koneksyon pwofesyonèl. Pwogram sa a ap fonksyone 1ye jiyè jiska 5 out 2022. Anplis de resevwa yon frè, patisipan nan pwogram sa a ap resevwa kredi lekòl segondè epi yo gen opòtinite resevwa kredi pou anwolman doub nan Miami Dade College. Pwogram Ratrapaj Kredi nan Lekòl Segondè a ap kòmanse 14 jen pou 21 jiyè.

Nouvo pwogram Oto-Ekòl pou ete sa a, bay elèv yo opòtinite pou resevwa fòmasyon pratik pou aprann kondui. Elèv k ap patisipe nan pwogram nan ap resevwa yon kredi elektif pou lekòl segondè. Klas la ap kòmanse 14 jen pou rive 21 jiyè 2022, epi yo ap disponib

pou elèv nan lekòl piblik ak lekòl prive yo.

Elèv lekòl segondè ap gen aksè leson patikilye sou entènèt, atravè Pòtal Distri Elèv la, kote y ap jwenn leson patikilye pou prepare pou egzamen ACT ak SAT yo.

Lekòl ak kan yo ap suiv pwotokòl sante, sekirite ak ijyèn ki anvigè aktyèlman. Nou ap bay transpò pou elèv ki satisfè kondisyon kalifikasyon yo, epi n ap bay manje maten ak manje midi gratis.

Pwogram "Ete 305" se yon pwogram enteresan e yon agrandisman pwogram ete a. Li asire elèv nou yo vin lekòl ann otòn, pare pou aprann. Pou plis enfòmasyon, vizite summer305.dadeschools.net/.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

30 Me

Obsèvas 'Memorial Day'

8 Jen

Dènye Jou Lekòl

9 Jen

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

17 Out

Premye Jou ane lekòl 2022-2023 a

ME SE MWA SEKIRITE NAN DLO



Ladrès sekirite nan dlo se youn nan leson ki pi enpòtan ou ka anseye pitit ou, espesyalman nan Eta Florid. Chak ane, gen 10 moun ki mouri nwaye e majorite nan yo se timoun. Soti 2017-2019 konbine, Florid gen plis timoun laj 0 rive 9 ane, ki mouri pa aksidan nan dlo. Nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County), n ap ede konbat estatistik sa a lè nou aplike pwogram "Learn to Swim" (Aprann Naje) a avèk siksè pou konsyantize kominote nou an.

M-DCPS obsève Mwa Konsyantizasyon sou Sekirite nan Dlo chak ane, nan mwa me. Pandan anpil plas piblik ak plaj kòmanse re-ouvè, nou ankouraje fanmi yo pou aprann konsènan sekirite nan dlo e rete an sekirite pandan y ap pwofite tout amizman ak relaksasyon yo ka jwenn nan dlo. Pwoteje pitit nou e prepare yo pou yon epsperyans natasyon ki amizan pandan n ap suiv konsèy sa yo konsènan sekirite nan dlo.

Chèche yon Zanmi! Asire w ou pa janm naje poukont ou.

Lè sa gen pou wè ak sekirite nan dlo, pa janm naje poukont ou. Li toujou bon pou w akonpaye ak yon zanmi lè w ap naje.

Plonje ak pye w devan!

Ou ka blese grav si w plonje oubyen pike tèt anba nan yon dlo ki pa fon. Lè sa gen pou wè ak sekirite nan dlo, toujou sonje pou w plonje ak pye w devan.

Aprann bonjan fason pou w naje ansanm ak ladrès sekirite nan dlo.

Lè yon timoun konn naje, sa fè l vin gen konfyans nan tèt li, sa fè l kwè nan kapasite li, e sa ofri li anpil opòtinite pou l fè nouvo zanmi. Avan w al naje, sonje pou w aprann bonjan fason pou w naje ansanm ak ladrès sekirite nan dlo.

Mete yon jilè sovta.

Montre w entelijan lè ou nan dlo! Si ou pa ka naje, oubyen pandan ou sou yon bato k ap navige sou dlo, sonje mete yon jilè sovta.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Ede yo 'pran responsablite' pou aprantisaj yo

<https://bit.ly/3Fuoc6S>



bay yon Sètifika Vaksinasyon Florid (DH 680 form), ki dokimante vaksen sa yo:

Lekòl Piblik/Prive Jadendanfan jiska 12èm ane:

- Kat oubyen senk dòz vaksen difteri-tetanòs (DTaP)
- Twa dòz vaksen epatit B (Hep B)
- Twa, kat oubyen senk dòz vaksen polyo (IPV)
- De dòz vaksen lawoujol (MMR)
- De dòz vaksen varisèl

ap enskri oubyen ale nan klas setyèm ap bezwen vaksen sa yo:


- Yon dòz vaksen tetanòz-difteri-koklich (Tdap) soti nan klas 7èm jiska 12èm
- Paran yo dwe gen fòm DH 680 revize a pou yo remèt nan lekòl pitit yo

Pa tann dènye minit e asire w dosye vaksinasyon pitit ou ajou. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://bit.ly/3wiO2Xh>.

Anvan elèv enskri oubyen ale lekòl (Jadendanfan jiska 12èm ane), yo dwe

Klas Setyèm: Anplis vaksen pouk las jadendanfan jiska 12èm ane, elèv ki

M-DCPS ONORE MEYÈ DIREKTÈ, ASISTAN DIREKTÈ LEKÒL POU ANE A



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) te onore meyè direktè ak asistan direktè lekòl li yo nan ‘DoubleTree by Hilton’, nan yon seremoni prim “Dade Association of School Administrators (DASA)” (Asosyasyon Administratè Lekòl nan Dade) patwone.

Jackson Jean Nicolas, ki ap sèvi kòm direktè Lekòl Elemantè Earlington Heights, ranpòte pi gwo onè a kòm Meyè Direktè Lekòl nan Distri a. Nicolas ap anseye nan M-DCPS depi 20 ane. Apre yon karyè ansèyman ki reyisi, li te vin Asistan Direktè Sant

K-8 Charles R. Drew K-8 Center an 2012. Li te vin pran pwomosyon kòm direktè e li te sèvi nan pozisyon sa a jis an 2016.

Yo te rekonèt Jean Claude Saint-Phard nan Kolèj Teknik ‘George T. Baker Aviation’ kòm Meyè Asistan Direktè pou Ane a. Saint-Phard te kòmanse karyè li avèk M-DCPS kòm yon pwofesè ar kuizin nan Kolèj Teknik ‘Lindsey Hopkins’. An 2010, li te pran pwomosyon kòm Asistan Direktè e li te sèvi nan pozisyon sa a nan Lekòl Kòminotè Charles Drew ak Lekòl Mwayen Brownsville. L ap travay nan Baker Aviation depi 2015.

Ganyan Meyè Direktè pou Ane a resevwa yon prim \$2000 kash ak yon lokasyon vwati pou twazan konpayi Toyota of North Miami patwone. Ganyan Meyè Asistan Direktè pou Ane a resevwa yon prim \$1500 kash ak yon televizyon 65-pous konpayi Aflac ap bay.

Evènman sa a te posib atravè patenarya avèk Equitable, Toyota of North Miami, EdFed (ansyen South Florida Educational Financial Credit Union), Ibiley, AIG, Bencor, Brian Power Wellness, Aflac, Carnegie Learning, HMH, Brown ak Bigelow, Tropical Financial Credit Union, Miami Heat, Miami Marlins, Certo Risto & Pizza, ak FROST Science.

Yo te rekonèt nan seremoni an tou moun ki pran Dezyèm Plas pou Meyè Direktè Lekòl la, Dtè. Susana Mauri, nan Kolèj Teknik South Dade, ak moun ki pran Dezyèm Plas pou Meyè Asistan Direktè Lekòl la, Vernatta Lee, nan Lekòl Segondè Miami Edison.



Mwa me se mwa sansibilizasyon sou Sante Mantal, e “Miami-Dade County Public Schools” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap klere yon limyè ki pi briye toujou sou enpòtans sante mantal yon fason pozitif pou devlopman timoun. Anvan pandemi COVID-19 la, M-DCPS te etabli “The Department of Mental Health Services” (Depatman Sèvis Sante Mantal) pou asire te gen pèsònèl, sèvis, fòmasyon ak pwogram pou ogmante edikasyon ak sansibilizasyon sou sante mantal epi ofri sipò dirèk bay elèv ak fanmi yo.

Resamman, M-DCPS te obsève “National Children’s Mental Health Awareness Day” (Jounen Nasyonal Sansibilizasyon sou Sante Mantal Timoun) avèk aktivite nan tout lekòl

sou direksyon anplwaye ak elèv yo. Elèv ki fè pati klib Byennèt Mantal yo ankouraje sansibilizasyon sante mantal, resous ki disponib, ak enpòtans pou kenbe bonjan sante mantal.

Nwayo Depatman Sèvis Sante Mantal la santre sou 118 kowòdonatè sante mantal ki asiye nan tout lekòl K-12 atravè Distri a. Gwoup pwofesyonèl diplome e lisansye sa yo bay elèv yo sèvis dirèk atravè yon pwosesis referans senplifye. Anplis, yo ofri fòmasyon pou paran, anplwaye, ak elèv yo nan andwa lekòl la. Ane sa a, nou anboche 100 pwofesyonèl sante mantal a mwaye tan e yo bay elèv yo sipò dirèk.

Yon lòt eleman kle nan travay ki ap fèt nan M-DCPS la se opòtinite pou devlopman pwofesyonèl atravè tout Distri a pou administratè, pwofesè, ak anplwaye konsènan sante mantal. Opòtinite sa yo bay zouti adisyonèl pou ede rekonèt siy ak sentòm pwoblèm sante mantal lakay elèv yo epi ki jan pou refere yo pou resevwa sèvis pwofesyonèl apwopriye.

Mobilizasyon ak komunikasyon esansyèl pou rive satisfè bezwen elèv yo. Paran yo ka kontakte lekòl pitit yo oswa liy telefòn prensipal pou èd la, lendi rive vandredi, 8è dimaten rive

4è nan aprèmidi, nan nimewo telefòn 305-995-7100; vizite sit entènèt Depatman Sèvis Sante Mantal la nan mentalhealthservices.dadeschools.net oswa swiv depatman an sou Twitter [@M-DCPS_MHS](https://twitter.com/M-DCPS_MHS).

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

22 Jen

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

20 Jiyè


11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

27 Jiyè

6:00 diswa
Premye Odyans Piblik
sou Bidjè

17 Out

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@SuptDotres



@MiamiSchools



@MiamiSchools
@SuptDotres



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. [#MDCPSConnects](https://twitter.com/MDCPSConnects)

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann
Lucia Baez-Geller
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Christi Fraga
Doktè Lubby Navarro
Doktè Marta Pérez

Mari Tere Rojas
Luisa Santos
Doktè Jose L. Dotres
Sipèentandan Lekòl yo
Cori'Anna White
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la